**दिन–शनिवार** **दिनांक–22.11.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि – 05 मिनट

---

नव सरकार मे मंत्री सभक बिच विभाग बंटलाक बाद आइ कतेको मंत्री सभ पदभार सम्भारि लेलनि। ग्रामीण कार्य विभाग मंत्री अशोक चौधरी पदभार ग्रहण कऽ लेलनि। एहि मौका पर संवाददाता सभ सँ गपशप करैत ओ जनौलनि जे विभाग जनता सँ जुड़ल विभाग अछि। ग्रामीण क्षेत्र मे सड़क संरचनाक विकास आओर विस्तार हुनक प्राथमिकता रहत। पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश जनौलनि जे विभागीय काम काजक गुणवत्ताक निगरानी बढाओल जायत। मंत्रालयक कार्यभार संभारबाक बाद श्री प्रकाश संवाददाता सभ सँ जनौलनि जे पंचायत स्तर पर विभिन्न दलक प्रतिनिधि सभक कमिटी बनाओल जायत। ई कमिटी काजक निगरानी करत। एम्हर, श्रेयसी सिंह सेहो सूचना प्रावैधिकी मंत्रीक पदभार सम्भारि लेलनि। ओ पत्रकार सभ सँ जनौलनि जे हम लोक सभ के भरोसा दियाबैत छी जे हम निष्ठा सँ काज करब आओर राज्य के नव ऊंचाई पर पहुँचायब। ओतहि, मदन सहनी समाज कल्याण विभागक पदभार सम्भारि लेलनि। गन्ना उद्योग मंत्री संजय कुमार जनौलनि जे राज्य मे बंद चिनी मिल के शुरू करबाक काज हुनक प्राथमिकता अछि। ओ संवाददाता सभ सँ जनौलनि जे कुसियार उपजाबयवला किसान सभ के सभ राहत देल जायत।

---

उप–मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे हुनका गृहमंत्रीक प्रभार सौंपल गेल अछि। ई पैघ जिम्मेदारी के ओ निष्ठापूर्वक निभौताह। पटना मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत ओ जनौलनि जे राज्य मे सुशासनक राज अछि आओर अपराधी सभ के एतय कोनो जगह नहि अछि।

---

एम्हर, नीतीश कुमारक मंत्रिमंडल में उद्योग मंत्री दिलीप जायसवाल लोक सभ के विश्वास दिऔलनि जे अगिला पाँच बरख मे राज्य मे रोजगारक मौका बढ़ाओल जायत। ओ जनौलनि जे नव सरकारक संकल्प अछि जे युवा सभ के नोकरी दऽकऽ पलायन पर रोक लगायब।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अगुवाई मे मंत्रिमंडलक पहिल बैसक पचीस नवम्बर कऽ होयत। विभाग बंटलाक बाद ई बैसार बेसी महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। बैसार मे नव विधानसभाक पहिने सत्र बजाबय पर औपचारिक निर्णय लेल जायत। एम्हर, विशेष सत्र क देखैत पटनाक जिलाधिकारी डॉक्टर त्यागराजन एसएम जिला, अनुमंडल आओर प्रखंडक सभ अधिकारीक छुट्टी पर विधानसभाक समाप्ति धरि रोक लगा देलनि अछि।

---

कांग्रेस पार्टीक वरिष्ठ नेता आओर राज्यसभा सांसद अखिलेश प्रसार सिंह जनौलनि जे विधानसभा चुनाव मे पार्टीक खराब प्रदर्शनक समीक्षा कयल जायत। दिल्ली मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत ओ जनौलनि जे हारिक कारण के लऽकऽ पार्टी नेतृत्व विचार कऽ रहल अछि। श्री सिंह जनौलनि जे पार्टी चुनाव मे हारि सँ निराश नहि अछि।

---

स्ंगहि, कांग्रेस पार्टीक पूर्व प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर शकील अहमद पार्टीक लोक सभ पर टिकट बांटय मे गड़बड़ीक आरोप लगौलनि अछि। मधुबनी मे आइ पत्रकार सभ सँ गपशप करैत ओ जनौलनि जे टिकट बांटय मे भ्रष्टाचार भेल अछि तऽ जाँचक संग कार्रवाई सेहो होयबाक चाही।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर राष्ट्रीय प्रवक्ता सैयद शाहनवाज हुसैन जनौलनि जे कांग्रेसक नेता सभ के अपन हारि मन सँ लेबाक आदत नहि छनि। दिल्ली मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री हुसैन जनौलनि जे हारिक बाद कांग्रेस नेता सभ निराश आओर झल्ला कऽ चुनाव आयोग आओर एसआईआर पर दोष मढ़ि रहल छथि।

---

केन्द्र सरकार देश मे बेसी पुरान श्रम कानून के सरल आओर बढ़िया बनेबाक लेल चारि नव श्रम संहिता के लागू कऽ देलक अछि। ई जनतब श्रम आ रोजगार मंत्री डॉक्टर मनसुख मंडाविया देलनि अछि।

---

केन्द्र सरकार राष्ट्रीय कैडेट कोर–एनसीसीक संख्या सत्रह लाख सँ बढ़ा कऽ बीस लाख करत। रक्षा सचिव राजेश कुमार सिंह अठहत्तरम एनसीसी दिवसक मौका पर नव दिल्ली मे राष्ट्रीय समर स्मारक पर आयोजित पुष्पांजलि समारोह मे जनौलनि जे युवा देशक प्रगति मे पैघ भूमिका निभा रहल छथि। ओ जनौलनि जे एनसीसी देशक युवा शक्ति आओर क्षमताक एक निक उदाहरण अछि। एनसीसीक महानिदेशक लेफ्टिनेंट जनरल वीरेन्द्र वत्स जनौलनि जे देशभरिक सात सय सँ बेसी जिला मे एनसीसी कैडेट छथि आओर एहि मे चालीस प्रतिशत कैडेट महिला छथि।

———————————————————————

बेगूसराय जिलाक साहेबपुर कमाल थानाक शालिग्रामी गाम मे छापा मारि कऽ पुलिस आओर एसटीएफ टीम एक मिनी गन फैक्ट्रीक खुलासा कयलक अछि। पुलिस अधीक्षक मनीष जनौलनि जे एक अपराधी के गिरफ्तार कयल गेल अछि। एक कार्बाइन, सात पेस्तोल आओर हथियार बनेबाक समान सभ ठामहि बरामद कयलक अछि।

———————————————————————

मौसम विभाग जनौलक अछि जे आइ सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे ठंढ़ा बढ़ि सकैत अछि। विभागीय रिपोर्ट मे जनाओल गेल अछि जे पछिया हवाक असरि सँ अगला दू सँ तीन दिनक बिच राज्यक बेसी भाग मे न्यूनतम तापमान दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि कमि भऽ सकैत अछि। संगहि, राज्य उत्तर–पश्चिम क्षेत्र मे कतेको ठाम भोर आओर सांझकाल कुहेस छाओल रहि सकैत अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक बिच गया राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल, जतय न्यूनतम तापमान तेरह दशमलव दू डिग्री सेल्सियस रहल।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।